DEKLANCHMAN TRANCHE



Illustrations by The Educated Birth/Cheyenne Varner

Kisa sa vle di lè yo pwovoke tranche mwen?

Lè yo pwovoke tranche ou an sa vle di kòmanse tranche ou nan lopital la avèk diferan medikaman oswa trètman.

Konbyen tan sa pral pran si yo dwe deklanche tranche mwen an?

Sa pran tan pou kòmanse tranche ou an! Pifò tibebe yo pa fèt nan menm jou ou ale lopital la. Sa ka pran 1-3 jou pou tibebe a fèt.

Kijan yo pral deklanche tranche mwen an?

Genyen medikaman ak trètman ki ede prepare kòl matris la (ouvèti matris la) pou tranche a, ak lòt medikaman ki pral kòmanse kontraksyon yo. Ou pral fè yon egzamen lè ou rive nan lopital la pou wè si kòl matris ou louvri (dilate). Oumenm ak ekip la pral deside sou ki pi bon fason pou kòmanse tranche ou an aprè egzamen ou an.

Ak kisa mwen ka atann mwen lè yo deklanche tranche mwen an?

- Ou kapab oblije tann pou manje.
- Ou ka bwè dlo, ji, bouyon, oswa sisèt glase.
- Pafwa ou ka mache, pran douch, chanje pozisyon, dòmi, ak ale nan saldeben an poukont ou.
- Ou kapab bezwen yon monitè ak senti sou vant ou pou koute batman kè tibebe a pandan tout tan an oswa kèk nan tan an.

Chèche lòt atik itil sa yo sou Bump & Beyond

Tout sa ou bezwen konnen sou pwovokasyon tranche

Pwovokasyon tranche ak medikaman

Ede tranche kòmanse ak preparasyon kòl matris la